



OU MERITE SWEN SANTE KI AKSESIB

NY State of Health la disponib pou founi èd pèsonalize pou ede jwenn plan apwopriye a ak asistans finansye pou diminye depans ou yo.

NAN NY STATE OF HEALTH OU'PRAL JWENN

- 1 Anpil bon jan plan sante ki aksesib
- 2 Ed pèsonalize pou chwazi plan pa w la
- 3 Ed pou peye pou plan ou chwazi a
- 4 The Essential Plan (Plan Esansyèl) la pou moun ki rantre tikras revni

ANREJISTRE BYEN FASIL! POTE ENFÒMASYON SA POU CHAK MANM FANMI OU

- ✓ Sètifika Nesans
- ✓ Nimewo sekirite sosyal oswa, pou imigran legal yo, nimewo dokiman si sa disponib
- ✓ Travay, rejis sou revni, ak enfòmasyon asirans sante



ENSKRI JODI A!

1-855-355-5777 oswa
TTY: 1-800-662-1220

nystateofhealth.ny.gov
Ed gratis pèsònèlman

THE ESSENTIAL PLAN (PLAN ESANSYÈL)

The Essential Plan (Plan Esansyèl) se li ki apwopriye pou anpil Nouyòkè ki gen tikras revni.

Pou kèk, li koute mwens ke yon dola pa jou. Pou lòt, li pa koute anyen.

EPI LI PA GEN OKENN DEDIKTIB, konsa plan an kòmanse peye pou swen sante ou imedyatman.

THE ESSENTIAL PLAN (PLAN ESANSYÈL) OFRI MENM KALITE BENEFIS AK Lòt PLAN SANTE YO



Vizit doktè, pami yo, espesyalis



Tès doktè preskri yo



Medikaman preskripsyon yo



Swen entèn oswa klinik ekstèn
nan yon lopital

Anba The Essential Plan (Plan Esansyèl), pati ou peye a pou chak sèvis sante --- kopeman ou --- trè ba tou. Epi pafwa, li menm \$0.

Epi ou pa peye anyen pou sèvis prevantif yo, tankou egzamen ak depistaj woutin doktè yo.



Enskri nan The Essential Plan (Plan Esansyèl) la jodi a. Enskripsyon louvri **PANDAN TOUT ANE A**.